Шынджыщ Латмир 10-нэ класс 78б

# АДЫГЭБЗЭМРЭ ЛИТЕРАТУРЭМКІЭ ОЛИМПИАДЭ

## 10 КЛАСС

**1.** *Махуэр уейщи, жьы зэпихум хуарзэу уэсыр кърехьэкI.* Мы сатырым хэтщ
а) макъзешэу 14; б) макъзешэу 15; в) макъзешэу 16; г) макъзешэу 17.

**2.** Макъ дэкIуашэ зэгуэгъуищ (жьгъыжьгъ, дэгу, пIытIа) мы псалъэм хэтщ:
а) дытетIысхьащ; б) пIэтIрэжаныфэ; в) гъуэгурыкIуэ; г) лэныстальэ.

**3.** *СемышкIэ, сэхуран* къэкIыгъэцIэм синоним мы псалъэр хуохъу:
а) зэнтхъ; б) гъасэ; в) хъурмыж; г) дыгъэгъазэ.

**4.** *Псыкъуийм къисшурэ жэмыр псы езгъэфащ, хьэщбэкхъым къездзыхри мэкъу естащ, къакъырэр къэзгъэкъэбзащ, уэщымкIэ пхъэ скъутэри пыщIыкIым щIэсхьащ, джэдкъазыр згъэшхащ, итIани зэманыр къулъшыкъум нэса къудейщ.* Мы псалъэухам къыхэтхыкIын:
а) диалект псалъэхэр къакъыр
б) жьы хъуа псалъэхэр хьэщбэкхъ, уэщ
в) ди бзэм къищта хамэ псалъэхэр къакъыр, къаз, зэман, къулъшыкъу
г) псалъэпкъитIу зэхэт псалъэхэр хьэщбэкхъ, джэдкъаз.

**5.** Пэжу тха псалъэр къыхэхын:
а) бзаджэнаджэ; б) бзэджэнаджэ; в) бзаджэ-наджэ; г) бзэджэ-наджэ. — 0

**6.** *Дэ фэ дывдоплъей.* Мыбдеж етIуанэ щхьэм и щхьэ цIэпапщIэу къыщыкIуар
а) обстоятельственнэ падежым итщ; б) послеложнэ падежым итщ; — 0
в) именительнэ падежым итщ; г) эргативнэ падежым итщ.

**7.** Мы псалъэухам уступительнэ наклоненэ зиIэ глагол къыщокIуэ:
а) *Мыр уэ пхуэсIуэтэжкIи, си сабий гъащIэ блэкIам уеубзэжыфынкъым;*
б) *Си анэр гузэващ, дэжеящ, къежэхащ, хьэблэр къызэхижыхьащ;* — 0
в) *Станцым нэси унигъэсмэ, ар бзэм дежкIэ уфIэмащIэ;*
г) *Ар сымыщIэу щытыгъатэм, кIэщI дыдэнут сэ си гъащIэр.*

**8.** *Нобэ махуэр псынщIэу иухащ.* Мы псалъэухам обстоятельствэу хэуващ
а) зэман, щхьэусыгъуэ къэзыгъэлъагъуэ наречиехэр;
б) зэман, лэжьыгъэм и къэхъукIэ наречиехэр;
в) мардэ, зэман къэзыгъэлъагъуэ наречиехэр;
г) щIыпIэ, щхьэусыгъуэ, зэман къэзыгъэлъагъуэ наречиехэр.

**9.** Мы псалъэухам и подлежащэр еигъэ цIэпапщIэу къэкIуащ:
а) *Абыхэм я пщIантIэм зыгуэр дохьэри шындэбзиймкIэ йокIуэкI;*
б) *Ди саугъэтыр епщIанэ классым фыфейщ, ар фэ къэвлэжьащ.*
в) *МазищкIэ нэмыцэхэм яIыгъа си къуажэм дыдейхэр къекIуэлIэжат.*
г) *Хэт жьыуэ къэтэджми, абы насып егъуэт.*

**10.** *Махуищ нэхъ дэмыкIыу, шум игъуэта уIэгъэр кIыжын щIидзащ.* Мы псалъэухам и сказуемэу къэкIуар
а) глагол сказуемэ къызэрыкIуэщ; б) цIэ-сказуемэ зэхэтщ; — 0
в) цIэ-сказуемэ къызэрыкIуэщ; г) глагол сказуемэ зэхэтщ.

**11.** Мы псалъэухам дополненэ зэльэпкъэгъу къыщокIуэ:

а) Мусэрэ Муратрэ псэлъэн щIадзэ; б) Мурат зэгуэпащ, пэпщащ, и къэпталым есэбэуащ;
в) Махуэр уэмт, мамырт; г) Шыхулъагъуэм, Вагъуэбыным, Вагъуэзэшиблым сеплъу сыхэлът.

**12.** Псалъэухам фыкъеджэ, къызыхуэт хьэрфхэмрэ нагъыщэхэмрэ фтхыж.

Зэман - зэманкIэрэ з...кIэлъхьэужьу блэж маш...нэхэр къегъэувыIэри арых...эу зи нэщхъыфIагъ...р нэгум имыкI Лусэ пыгуфIыкIыжу абы и пащхьэ къохутэ дэлъхум и тыгъэ лъапIэр кI...синкIэ щIэрыпсыр телъых...эщ

**13.** *«Алмэсты мажьэ»* псалъэ шэрыуэр хужаIэ хабзэщ:

а) зи мурадхэр зэзыгъэхъулIэф, зыхуейр цIыхухэм къезыгъэщIэфым;
б) и мыIуэху зэрихуэу, жимыIэпхъэ жиIэу, цIыхуитI зриушту дэтым;
в) бзылъхугъэ гъэфIам, Iуэху щIэным, лэжьыгъэм зыщызыдзейм;
г) жьэ бзаджэ зиIэ, гурыуэу куэд жызыIэ, цIыхубз хъущIэрейм.

**14.** Псалъэжьыр нэвгъэсыж. *«Мывэ сыныр мэкIуэдыж, мыкIуэдыжыр ...»*

а) акъылщ; б) былымщ; в) бынщ; г) уэрэдщ.

**15.** «Къамботрэ Лацэрэ» тхыгъэм къыхэщыж Тембот, илъ ищIэжу, иукIащ

а) ЗекIуэлIокъуэ; б) Аслъэнокъуэ; в) Ашэжьокъуэ; г) Мэхъэшокъуэ.

**16.** *Хыр си шакъалъэу,*
*Къалэм хуэфащэ сиIатэм,*
*Ди ТекIуэныгъэм и усэр,*
*ДыщэпскIэ уафэм истхэнт* – мы усэр итхащ

а) КIуащ БетIал;
б) Мыкъуэжь Анатолэ;
в) КIыщокъуэ Алим;
г) Тхьэгъэзит Зубер.

**17.** КIэрашэ Т. и «Шапсыгъ пщащэ» повестым къыхощыж адыгэлI цIэрыIуэ

а) Андемыркъан; б) Хьэтх Мыхьэмэт; в) Идар Темрыкъуэ; г) Абрэдж Нухь.

**18.** Шортэн Аскэрбий и *«Мурат»* пьесэм къыхэщыж

а) бгырыс зауэлIхэм я Iэтащхьэщ;
б) хэкупщ Бомэт и къуэщ;
в) инджылыз миссием и лIыкIуэщ;
г) Урысейм къикIыу, Кавказым къагъэкIуа революционерщ.

**19.** УсакIуэ КIуащ БетIал мыпхуэдэ поэмэ итхащ:

а) «Си хэку»; б) «Индыл»; в) «Къытехьэ бгыпэм»; г) «Нэху».

**20.** КIыщокъуэ Алим лъахэм хуиIэ лъагъуныгъэр къыщигъэлъэгъуащ

а) «Кхъужьей къудамэ» усэм; б) «Си дыгъэ» усэм;
в) «ЗэкъуэшитI» усэм; г) «Дунейм имыIэ къегъэжьапIэ» усэм.